Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 1 ноябрь Рузман №49 (7863) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 11 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## Армиялде гIолохъаби ахIиялъул суал борхана

25 октябралда Агъвали райадминистрациялда районалъул бетIер Шамил ГIумаровас тIобитIана росдал администра-



циябазул бутIрузул ва ВУСазул хIалтIухъабазул данделъи.

Гьенив гIахьаллъана районалъул рагъулав комиссар МухIамадрасул Расулов.

Данделъиялда хал гьабуна армиялде гIолохъаби ритIиялъул суал.

Данделъиялъул байбихьудаго районалъул бетIер Шамил ГIумаровас загьир гьабуна армиялде гIолохъаби ритIиялъул



рахъалъ районалда гьабулеб хIалтIудаса рази гьечIолъи, гьелъие гьес мисалалги рачана.

-Гьедин хIинцго хIалтIун армиялде гIолохъаби ритIиялъул рахъалъ районалъе кьураб тIадкъай тIубазе нилъеда кIвей шакаб иш буго. Килщида килищ кIутIун гьабулеб гьечIо хIалтIи росдал нухмалъулез, гьединго хIалтIулел гьечIо гьеб хъулухъ тIадал росабазул администрациябазул хIалтIухъабиги. Росдал щивав нухмалъулес кьезе буго гьелъул жаваб. Щибаб нухалъ цого суал такрар гьабулебги буго, рукIалиде гьеб ккезабизеги кIолеб гьечIо, лъазе бокьун буго сунда бан гьеб хIалтIи бачине бажарулареблъи,-ян абуна районалъул нухмалъулес.

Гьединго гьес районалъул рагъулав комиссарасда ва росдал администрациябазул бутIрузда кьварун лъазабуна призыв тIубан хадуб гьезул хIалтIуе рекъараб къимат кьезе бугилан. Рагъулав комиссарасдаги лъазабуна жиндир изну гьечIого призывниказе отсрочка кьогеян.

КIалъазе вахъарав рагъулав комиссар МухIамадрасул Расуловас баян гьабуна армиялде гIолохъаби ритIиялда сверухъ гьабулеб хIалтIул. ТIоцебесеб этапалда районалдаса щуго призывник витIун вуго, кIиабилеб этапалде ритIизеги хIадурал гIолохъаби ругин абуна МухIамадрасулица. Районалъе кьураб тIадкъай, гIемер цIикIкIараб гьечIони, цо-цо росдал нухмалъулезул рагъулаб комиссариатгун гьабулеб цадахъаб хIалтIи гьечIолъиялъ захIмалъулеб бугилан абуна МухIамадрасулица, ва божилъи гьабуна цадахъаб хIалтIудалъун тIадкъай тIубазе букIиналда.

Росдал нухмалъулез рахIат хун бицана жанисел ишазул кумек гьечIони, гьеб суал тIубазе жидееги захIмалъулеб бугилан.

Данделъиялъул ахиралдаги Шамил ГIумаровас росдал нухмалъулезда кьварун лъазабуна рагъулаб комиссариатгун дандги бан, призывниказул сияхIал мухIкан гьареян ва гьелда рекъон хIалтIи гIуцIеян, гурони, жавабчилъи жидедаса тIалаб гьабизе бугеблъиги бичIчIизабуна.

## СВОялъул гIахьалчигун дандчIвана

24 октябралда Агъвали райадминистрациялъул бетIерасул заместителал Халилула МухIамадов ва МухIамад Сиражудинов дандчIвана заманаялъ рокъове хIухьбахъизе вачIарав хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи ТIиссиса МухIамад ХIажимухIамадовгун. Гьевгун цадахъ вукIана гьесул рагъулав гьалмагъ Малик Жамалдиновги.

Хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса нахъе МухIамад вуго рагъул цебесеб кьерда. ВатIаналде цебе нальи тIубалаго бихьизабураб бихьинчилъиялъухъ МухIамад мустахIикълъана батIи-батIиял шапакъатазе.

МухIамадица бицана жиндирго рагъулаб нухалъул, гьениб бугеб ахIвал-хIалалъул, нилъер рагъухъабазул бихьинчилъиялъул ва къвакIараб гIамал-хасияталъул. Гьединго гьес баркала загьир гьабуна районалъул нухмалъиялъе ва



гIадамазе хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизан-лъималазе гьабулеб кумекалъухъ. Халилула МухIамадовас баянлъизабуна рагъухъабазе ва гьезул хъизан-лъимала-



зе къваригIараб-тараб, гIарац щолеб бугищали ва цогидалги суалал.

ДандчIваялъул ахиралда МухIамадие гьарана лъикIаб хIухьбахъи ва Бергьенлъигун рокъове вусси.

Гьебго къоялъ МухIамад ХIажимухIамадов дандчIвана Агъвали гимназиялъул цIалдохъабигун. ЦIалдохъабазда МухIамадица бицана Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул, гьоркьоб лъуна рухIалиябгун патриотикияб тарбия кьеялъул суал. Гьединго МухIамадица жавабал кьуна хасаб рагъулаб операциялда хурхун цIалдохъабазул суалазе.

Данделъиялда гIахьаллъараз МухIамадие баркала загьир гьабуна дандчIваялъухъ ва гьарана Бергьенлъигун сахсаламат рокъове вусси.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

Къокъго

## СВОялда хваразул хъизамазул рес буго чIобого медицинаялъулаб кумек щвезе

ДРялъул захIматалъулги социалияб цебетIеялъулги министерствоялъул ва «РЖД-Медицина» клиникияб больницаялъул къотIи-къаялда рекъон хасаб рагъулаб операциялда хварал гIахьалчагIазул хъизамазул ихтияр буго гьеб клиникаялда чIобого медицинаялъулаб кумек щвезе.

Гьезул 18 сонил ригьалде рахарал членазе гьабула медицинаялъулаб хъулухъ: диагностика, лабораториялъулаб цIех-рех, консультация, стационарияб къагIидаялъ дару гьаби (хIажалъи ккани).

Гьелде хIажалъи ккараз ахIизе бегьула телефоналъ 8 960 412 47 45.

**Лъималазе - рагьараб ракI**

# Нечоге лъималазе хинлъигун рохел бикьизе

**(Цебесеб №48 номералда)**

ГIумру ккола кьварараб мактаб, гьединлъидал лъималазе тарбия кьезе ккола кьварараллъун, жалго жидецаго цIунулелллъун рахъине. РакIалда вуго цо цIалдохъан экзамен кьезе цеве консультациялде кIодогун цадахъ вачIунев вукIарав. ЦIорол тIагIел гIадин гIезавулев вас вукIун вуго гьев, цохIо живго автобусалдацин рекIине виччачIого. Чан гьединал лъималазул къисмат къваридаб ккараб гIумрудул байбихьудаго бикъа-хъамиялдеги цIогьодиялдеги ругьунлъун, туснахъалде ккун.

Гьединлъидал васал куцазе ккола гьитIинаб къоялдасаго нахъе бихьиналлъун, ясал-намус цIунараллъун рукIине. НахъегIанлъи ккола цIогьги гьересиги, рекъолареб пиша ккола тIаса мацI гьаби ва хиянатлъи. Амма бищун захIматаблъун ккола кIотинарулел жалазде ругьунлъи. Гьелъул хIасилалда 13-15 сонил гIумруялъул гIолилал гIемер кколел руго хвалил квачIикье.

Бачина цо мисал. Туснахъалде ккарав наркоманас ирградулаб доза хIажалъиялъ жиндихъе ячIарай эбелалда гьабун буго хIал. Гьединаб букIун буго цадахъ ругел жанир тIамуразул къотIи. Рокъое щварай эбелалъ кваридаги ян жийго жинцаго гъанкъун йиго... Аллагьас цIунаги лъимал наркотиказде ругьунлъиялдаса. ТIолгодунялалъул сахлъицIуниялъул идараялъул (ВОЗ) баяназда рекъон, щибаб соналъ дунялалда кIотинарулел жал хIалтIизариялъ холев вуго бащадаб миллионалдасаги цIикIкIун чи. Гьедин ккечIого букIине, гьитIинго рукIун ругьун гьаризе ккола лъимал жидерго балъголъаби ва пикраби эбел- инсуда рицине. КигIанха дун вохулев эбел-инсуда бицине кIолеб гьечIинги абун, жидерго гIузрабазул бицун цо-цо мехалъ студентал малъа-хъваял гьарун аскIоре рачIиндал. Бегьараб малъа-хъвайги гьабун, тIоцебесеб иргаялда, эбел-инсулгун бухьен ккезе тIамула дица гьел.

ГIемеркьераб, кIигьумераб жо ккола гIумру. Кидаго кIочене бегьуларо гIумруялда жанибги кIигьумерчилъи нилъеда гIемер дандчIвалеб букIин. Малъизе ккола гьеб лъималаздаги, бичIчIизабизе ккола нилъее гьимаравщинав гьудул ккоалреблъи. Бищунгоги лъикI букIинаан дагьабгIаги живго жинцаго цIунизе лъайги. Эбел-инсул кидагосеб хIинкъи букIуна жидерго лъимерада хадуб, гьезул гIумруялъе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда тIад ургъизе ва хIалтIизе ккелаан мугIалимзабиги.

Беловежскиялъул такъсирчагIаз биххизабураб гучаб пачалихъалда тIоцебесеб бакIалда букIана бикъа-хъамиги инсан инжит-хIакъир гьавиги гуреб, инсан кIодо гьавигун лъайкьей ва маданият. Щибаб бокIнилъги кIусун, араб какулел рукIинчIого, мех щун буго тарих лъазабизе нилъее. ГIадада гурелъулха умумуз абун бугеб, аралда таманчаречIчIани, букIинеселъ гIарада дудаго балин абун. Балеб букIин бихьулебги буго щивасда: щибаб къойил ярагъги, наркотикалги хIалтIизарулел руго гIолохъабаз ва хIасил-рачунел руго чIвай-хъвеялде.

БичIчIизабе бищун кIудияб мунагьги такъсирги кколеблъи жиндирго ва цогидазул гIумруялде кверщел гьаби. Щай бегьулареб бицине жидерго гIелбащадал лъималазул багьадурлъиялъулгун бахIарчилъиялъул, къохIехьеялъул. Мисалал дагьалищ ругел? Марат Казейги, Зина Портноваги кIочене тараб тарихалде ун ратани, руго гурищ жакъасеб къоялъул бахIарзал Ислам Халиловгун Артем Донской ва гьелгIадинал нус-нус гIолилал. «Крокус-ситиялда» чIахIияз нус-нус гIадамал чIвалеб гIужалъ гьел гьитIинал бахIарзаз анцI-анцI гIадамал хвасар гьаруна гуллил цIадалгун цIадул корониса. Рагъулъ гIахьаллъичIониги, щибаб къоялъ жиндирго напсгун къеркьолев вуго «Дунялалъул гражданин» абун цIар щварав нилъер ракьцояв Ашахан Хъазанатов. Ахираб кIиго-лъабго соналда жаниб гьес бергьенлъи босичIеб спортивияб турнирги, турниралда щванщинаб призалъулаб гIарац бикьичIеб къварилъи ккараб хъизанги Гъизилюрталда къанагIатги хутIичIо. Узухъда, гьединаб жо буго гIумру: цоясул нахъегIанлъи-хIалихьалъиялъ, цогидазул багьадурлъи, яхI-намусалъ бессараб. ЛъикIал мисалаздаса пайда босун куцазе ккола лъимал.

ГIужда балагье лъимадул беразулъ бугеб ургъелгун рохелги, хIинкъигун божилъиги, унти-бухIигун гьариги бихьизе. КIванагIан гIемер реэде лъимал, рекIел хIалцен бигьа гьабулеб ва рекIее рахIат кьолеб дарулъун ккола баи.

Хасаб бербалагьиялде гIашикъал ккола ракI лъукъарал бесдалал, ятимал лъимал. Бесдал лъимер беэдарав Аллагьасги веэдулин буго бицен.

Щайха гьаб ракълилаб заманалда цIикIкIунеб бесдалазул къадар? ЦIуне нилъер букIинесеб- лъимал. Ругьун гьаре гьел битIун ургъизе, борцизе, лъутIа-къотIизе. БичIчIизабе гьезда умумулги мугIалимзабиги гьезул бищун божарал насихIатчагIилъун ва гьудулзабилъун кколеблъи. Малъе гьезда дуниялалда лъикIал чагIи гIемер рукIин ва, амма, кигIанго бокьичIониги, камулел гьечIеблъи хIалихьаталги, нахъегIаналги, такъсирчагIиги, чIвадарухъабиги. Медалалъул кIиго рахъ букIунебго гIадин, лъикIал, чIахIиял ресазда цадахъго раккана цIакъго хIинкъи цIикIкIарал, жалго жидецаго чIваялде ахIи, террористазул кьерулъе цIай, гIарцулал сурсатал рахъи, эгоизмалъул пропаганда, хъизан гьечIеб яшав гьаби гIадал квешлъаби. ЦIакъго хIинкъи цIикIкIараблъун бихьула дида такъсирчагIаз нейросетал хIалтIизари. Амма кинха гьелдаса цIунилел?

Бищун цIакъаб цIунилъун ккола эбел-инсудегун мугIалимзабазде божилъи лъей ва гIумрудулъ ккарал суалал роцIцIинариялъул иш гьелгун дандбай. ХIеренаб къагIидаялъ ругьун гьаре гьел гIумру-яшав гIакъилго, кIвар кьун, цIодорго гьабизе.

Бищун цIакъаб цIунилъун ккола эбел-инсудагун мугIалимзабазда божилъи лъей ва гIумрудулъ ккарал суалал роцIцIинариялъул иш гьелгун дандбай. ХIеренаб къагIидаялъ ругьун гьаре гьел гIумру-яшав гIакъилго, кIвар кьун, цIодорго гьабизе. ХIурмат-къимат гьабе лъимадул живго жиндаго чIаравлъун вукIине бахъулеб хIаракаталъул. Лъимер цIакъго гIинтIамулеблъун яги, гьелъул гIаксалда, вагъа-вачарулевлъун вукIинги лъикIаблъун бихьуларо, букIине ккела гьоркьохъеб хIисаб, бащалъи. Щиб гIилла гьелъие бугебалиги улбузги, мугIалимзабазгун тохтурзабазги, психологазгун лъималазул инспекторазги халги ккун, анализ гьабизе ккола.

Риччан те лъимал рекIее бокьараб махщел тIаса бищизе! Ахирал соназ гIемерлъун руго абухъего, ахирисеб гурде бичунги, лъималазда гьикъичIого, гьезие бокьичIого, зулмухIал гьабуннги гьел тохтурзабилъун цIализе ритIи, лъей. 1990-лел соназ экономистал, юристал гIадин, гIемерлъун руго Дагъистаналда тохтурзаби, цо-цояз абухъе, тIолго Россия хIебтIизеги гIураб къадаралда. Ва амма кIочене бегьуларо инсаниятalda бегIерго цебечIараб масъала ва хIажалъи букIин жидерго яхI-намус ва напс цIунарал, гIакъилал, цIодорал, иш лъалел ва церечIарал масъалаби ричIчIулел махщалилал (махщел камилал хIалтIухъаби, специалистал, профессионалал). Бецце, кIодо гьабе, цIуне, тIалаб гьабе бецIлъигун лъавукълъи гуреб, гвангъараб гIумру, сакъатлъи ккезабулел кIотинарулел жал гурел, чорхол сахлъи, чагъиргун тамахьо гуреб, спортгун туризм. ХIалтIи гьечIолъиялъул гIададачIеялъ чIвазе кколаро лъимал, захIматалъ лъадаризе ккола. ГIададисеб къватIул жахIда-хIусуд, тунка-хIусиялдаса спорталъул лъадариго лъикI, гIумру гьел гьечIого ва ккечIого, къинаризе хIаракат бахъичIого лъилго хутIулареблъи, букIунареблъи лъалеб бугониги.

БукIуна чанги къо, лъимал-гIолилазулни щиб, чIахIиязулгицин щокърониб магIу къараб рекIел гъварилъиялда къараб пикрабазул гьиралъул бакIлъиялъ. Гьеб мехалъ аслияб, кIвар цIикIкIараб ишлъун ккола жалго жидеего гIун, гIунун, ратIа тIун чIечIого, бищун гIага-божаралгун ракI рагьараб хабар бици, тIабигIаталда тира-сверизе рахъин, кинаб бугониги спорталде яги лъедеялде машгъуллъи. Амма жеги лъикI букIинаан Къуръан яги тIахьал цIалиялдалъун, театралде яги тIабигIаталде иналдалъун къинабуни ццинги рекIел хIалценги чагъир, тамахьо, наркотиказе чучичIого.

ГъалатIал лъилгоги ккола, гьел ккечIого рукIине нилъги малаикзаби гурелъул. Аслияб жо буго гьел такрарлъизе риччангутIи. Киданиги гIодов речIчIичIев гурев, гIодовги речIчIун мустахIикъго тIаде вахъине бажарарав ва кIварав вугин тIокIавин абун буго аза-азар соназ цебего Китаялъул гIакъил, философ Конфуцийица. Киналго рортула, талхула. Амма тIадеги рахъун, цIидасан галаби церехун росизе ккола. Гьаб дуниял буго заманалъе кьураб хазина. Киназдаго рагIун батила Сулейман-Аварагасул «Кинабго уна, гьабги ина»-абураб гIакъилаб аби. Гьединго унеб-бачIунеб жо буго рогьелгун сордоги, бакъгун моцIги, хаселгун рииги, къварилъигун рохелги, бечелъигун мискинлъиги. КIвезе ва лъазе ккола гIужда лъалхъизеги, ургъизеги ва киданиги БетIергьанасда, Гьесул цIоб-рахIмуялда хьулкъотIизеги бегьуларо!

БичIчIизабизе, малъизе анищха лъималазда телефонгун телевизор гуреб, тIехьалъул хиралъиялъул.

Инабулареб анищха гьез гIадада замана телефоналдеги къулун щибго пайда гьечIел хIаяздегун гаргадиялдеги руссун. Довго Конфуцийица абураб заманги, рагIиги, биччан тараб ресги бугин абадиялъ нахъбуссунареб жойилан. Гьединлъидал гIадада биччаге замана, ургъун абе рагIи ва гIадада биччаге щвараб пайда-рес. ЛъикI букIинаан лъималазул, гIолилазул цо-кIиго гIакъилав, цIодорав, унго-унгояв гьудул-гьалмагъ вугони, жидеегоцин гIакълу гьечIел, тIаде къо ккедал аскIор ратизе гьечIел анцI-анцI гьереси гьудулзабаздаса.

Бажарухъе кIодо гьабе, бецце лъималазул пагьму-гьунар, ругьун гьаре гьел жалго жидедаго чIараллъун ва жавабчилъигун тIалабчилъи тIоцебесеб иргаялда жидедасанго цIикIкIараллъун рукIине. Хъулухъ гьечIелде кIвар кьечIого, лъазабизе риччай, малъе тIоцебе жидерго росу-ракьалъул, тухум-кьибилалъул тарих ва мацI, хадуб дуниялалъулги адабиятги, тарихги, маданиятги.

Гьелъул пайда гуреб, зарал букIинаро. Къоркъоцаги жиндирго хIор бецццулин абухъего, бидулъ бессараб буго щивасулъги жиндирго халкъалдеги ракьалдеги рокьи. Амма, кигIанго бокьичIониги, ВатIанги хIукуматги абурал рагIабазул магIна кидаго гуро цого букIунеб, гьелъул гIаксалда, думалъго батIи-батIияб кколеб буго ахирал соназ. БичIчIизабизе ккола нилъеца гIолилазда цо-цо гIабдал сабаблъун тIолго миллаталде рагIад рехизе бегьулареблъиги, тIаде къо ккедал, багьадурлъи бихьизабичIеб ва кьалбал гьечIеб миллатги букIунареблъиги. МухIаммадил умматалъул, Адамилгун ХIавал зуриялъул наслу ккoлелъул нилъ киналго. Шамалъул Дамаск шагьаралда аскIоб Касьюн магIарда тIад бугеб «инсанасул тIоцебесеб би тIураб» нохъоде щвана дун.

Киназдаго лъала гьеб нохъодул къиса: Къаиница жиндирго вац Гьабил чIваялъул бицен. Гьелдаса нахъе гьоркьор къотIичIого унел руго ракьалда тIад рагъал. Щиб хIажат бугеб инсаниятальe?-ян гьикъулезе жавабалъул бакIалда гьебго суал кьезе бокьун буго: «Щиб хIажат бугеб хIакимзабазе?!»-ян.

ГIемер ккана тарихалда диналда, миллатазда хурхарал рагъал. Жакъаги гьоркьосан къотIичIого унел руго гьел анцI-анцI азар гIадамалги къурбаналлъун ккун. КигIанго бокьичIониги, щаклъи гьечIо рагъ ракьалда тIаса киданиги тIагIизе гьечIолъиялда. Щайгурелъул, жахIда-хIусудги, хIилла-рекIкIги, гIантаб тушманлъиги инсанасул чорхолъа бацIцIине кIолеб унти гьечIелъул.

Жакъа якъинго ва бегIерго цебе чIун буго ядернияб рагъ ккеялъул хIинкъи. Узухъда, чIахIияз наслабазе нахъе толеб буго хIалхьиги рахIатги гуреб, рекIееги чорхоеги хIинкъи цIикIкIараб дунял. КIудиял гIунагIан гIемераб жоялда ургъизе ккезе руго нилъер лъимал, гIемераб сабруги гIакъиллъиги хIажалъизе буго гьезие ракьалда рекъелги ракълилаб гIумруги цIунулаго. БатичIоха гIасрабаз чIахIиязда жамгIияталъул рекIелъан-чорхолъан тушманлъи ва жахIда бачахъизабулеб дару. Амма гьеб кколаро сабабго гьечIин аби. ГIакълу цебе, ццин нахъеги ккезабун хIалтIани, батила цо сабаб гьелъиеги.

Инсанлъун вукIинги хутIиги буго гIумрудул аслияб масъала, кIвар гьеб захIмат буго, ва амма гьеб бищун багьаяб буго гIумрудулъ. Бокьун буго нилъер лъимал нилъедасанги церетIурал, цIодорал, гIакъилал, яхI-намус цIунарал, сабру бугеллъун рахъине, рукIине, хутIизе. Божизе бокьун буго чIахIияздаги лъималаздаги кIвелин ядернияб балагь нахъчIвазе, гьелдаса инсаният цIунизе, гурони инсан дуниялалде вачIиналъулги вукIиналъулги магIнаго бихьуларо (вместе удастся уберечь человечество от всемирной термоядерной катастрофы, иначе теряется смысл бытия человека на Земле!). БетIергьанасул хъвай гьечIеб жо букIунарин абуниги, кибха Аллагьас абулеб бугеб инсанас инсан чIвайилан? Чи чIвайго гурищ гIалам чIваялда бащад гьабун бугеб?! Сатанистияб махIчIвай цIикIкIунеб ва рещтIунеб буго ракьалда тIадги политиказул ракIазулъги гуребги, зобалаздаги.

Квераз гьарурал хIанчIаз (дроназ) хвел бачIунеб буго зодисан. Цере рукIана тIилал, жакъа руго «хвалил хIанчIи», чIвай-хъвеялъе ричалел ва ратулел руго миллиардал, сахгьариялъе-шагьи-параби. Лъидаха жакъа чIухIун абизе кIолеб Дунялалда тIад лъукъа-къотIаразул бакIалда чIагоял, рухI лъурал, би кьабулел квер-гъеж, хIетIе-бох гьабизе лъалин жидедаян, захIматал сакъатаздаса, лъукъа-къотIияздаса хадуб учузго ва тIадегIанаб даражаялда лъукъарал гIадамал сах гьаризе ругьунлъанин жалилан?! Медиказда гIемераб жо лъала ва кIола, ва амма кинабго гуро бажарулеб.

Нобелил премиялъул лоуревт, Гарвардалъул университеталъул профессор Бернард Лоуница гурищ абураб медицинаялъул жиндирго гIорхъаби ругин, амма анищ-божилъиялъул гьел гьечIин абун.

БитIараб гуреб нух тIаса бищулеб бугоха инсаниятаlъ. Лъица нилъ кантIизарилел? Яги нилъ нилъерго эволюциялда чаракъосиналъул рагIаллъуде, балалдейищха нилъ щун ругел?

Лъималазда цебечIараб масъала буго жидеегоги, хъизаналъеги, ватIаналъеги инсаниятальеги пайда бугеллъун рахъин. Гьез хIаракат бахъизе ккезе буго дунялалда тIад гIумру цIунизе.

БичIчIизабе лъималазда щибав инсан, гьел жалго гIадин, жиндирго тухумалъул, миллаталъул, улкаялъул, тIаса бищараб махщалил, жиндирго хъизаналъул вакил вукIин. Ругьун гьаре лъимал мацI бицине, ккаралъуб гара-чIвари гьабизе ва цо пикруялде рачIине, гьеб хаслъи гIумруялъго жиндилъго цIунизе. ЖахIда гуреб, къец тIаса бищизе малъе лъималазда, ругьун гьаре жахIда-хIусудалъулъ, квешлъиялъул рахъалъ гурел, цIалулъгун спорталъулъ ва гIаданлъиялъул рахъалъ цогидаздаса церетIураллъун рукIине.

Классалде яги аудиториялде лъугьунаго, ялъуни лъималгун рокъор гара-чIварулаго церечIезаризе анищ нилъеда цере ругел гьел рукIинесел гIелмабазул академик, профессор, тохтур, мугIалим, аскарияв, летчик, артист, журналист, агроном, политик, президент, эбел, эмен ругин абун...

Нилъер лъимал руго нилъер матIу ва букIинесеб. Генетикаялъ гъалатI биччаларо. БичIчIизе ккола нилъеда щибаб лъимадулъ генетикаялъго кьучI лъун букIунеблъи цо-цо махщел-гьунаралъе ва гьеб цебетIезабизе хIаракат бахъизе ккола мугIалимзабигун цадахъ. Нечезе кколаро лъимаде бугеб рокьи тIатун загьир гьабизе, гьезие заман батизе. Лъимал нилъер рокьуда хIажатал рукIуна дунялалда ругел цоцаде рокьи ккарал бищун гIашикъаздасаги.

ЛъикIал мугIалимзаби ккола пачалихъалъул бечелъи, гIакъилал умумул - къисматалъул сайигъат, тIадегIанаб даражадул лъайкьей - улкаялъул цебетIеялъул кьучI, аслу. ГIадада гуро Америкаялъул президент Джон Кеннедица абураб космосалда хурхун букIараб къецалъулъ СССРалъ школалъул партаялда нахъа букIаго бергьенлъи ккунин абун нилъер гучаб пачалихъалъул бергьенлъабазул хIакъалъулъ жиндирго пикру загьир гьабулаго.

РукIа абе лъималазул ракIал лъикIлъиялъулгун гьирачилъиялъ, рокьуца, лъикIалде анищазул, талихIалъ ва рохалил асаралъ цIураллъун. ЧIахIиязул квешлъиялдасанги, хIилла-макруялдасанги, хъублъиялдасанги цIунизе ккола лъимал. Жакъасеб къоялъ гьеб бигьаяб иш гуро. Лъималгун гара-чIваризе ккола дуда цеве гIелбащадав вугеб гIадин.

Хабар халалъун кканиги, ахиралдаги кьезе бокьун буго дир аслияб суал диегоги киназегоги: хутIизе ругищ нилъ жавабчилъиги тIалабчилъиги цIунарал гIадамаллъун, ялъуни цоцацаги чIван, гIангурбацIаллъунищ хутIизе ругел гьединалгун цадахъ гIумруги гьабун?! КигIанго пашманлъаниги, дида гьелъие жаваб батулеб гьечIо.

Бернард Шоуца абухъе нилъ, зодор хIанчIи гIадин, рорживеги, лъелъ ччугIа гIадин, лъедезеги ругьунлъун руго, хутIун буго гьанже ракьалда тIад гIадамал гIадин гIумруяшав гьабизе.

Инсан

# ГIаданлъиялъул цIва, цIумадисезул чIухIи



Районалъул цIарги, гьелъул къадруги, къиматги цIвабззазул борхалъуде бахинабурал цIумадисезда гьоркьоб мустахIикъаб бакI ккола Гьигьалъа жамгIияталъул цевехьан ГъазимухIамадов ГIумарасхIабица.

ЦIумадисезда хасго гьигьалъдерида лъикI лъала гьев, бицуна гьесул хIакъалъулъ, ракIалда щвезарула гьес гьарурал лъикIал ишал.

ГIумарасхIаб лъаларев чи къанагIатги ватиларо цIумадаги, магIарулълъиялдаги. Гьев вуго машгьурав жамгIияв хIаракатчи, гIадамазе живги хирияв, жиндие гIадамалги рокьулев инсан. Дида къанагIатги дандчIвачIо гьев гIадинав ритIухълъи хирияв, росуги, районги, республикаги, ВатIанги бокьулев чи. Гьев вуго жиндирго хасаб, цогидазда релъинчIеб нухдасан унев политикги, жамгIияв хIаракатчиги. Гьесие хасиятаб буго жигарчилъиги, росуцояздехун рокьи-хинлъиги, рокьукъабщиналде цинги. ГIумарасхIаб ккола район ва росуцоял пайдаял ишазде, ВатIан бокьиялде, ракьалда лъикIал лъалкIал теялде халкъ ахIулев инсан.

Абула гьудулзабазухъ балагьун кьезе бегьулин инсанасе къиматилан. Гьелъухъго батила ГIумарасхIабил гьудул-гьалмагъзабазда гьоркьор рукIинчIо жагьалал, гIаданлъи тIагIарал, пикруялъулъ мукъсанал гIадамал, жакъаги ратуларо.

Дие гьаниб абизе бокьараб жо буго Владимир Путинилгун Болъихъ букIараб дандчIваялда ГIумарасхIабил жигарчилъиялдалъун рес щвана гIагараб росдае, хадусел наслабазеги ирсалъе хутIизе бугеб, гьезги хадусел наслабазухъ кьезе бугеб, жакъасеб тIалабазде рекъон гIуцIараб школа базе. Гьеб буго Гьигьалъ росдал тарихияб лъугьа-бахьин.

Гьеле гьединав инсан вуго ГIумарасхIаб ГIисаевич ГъазимухIамадов.

Сундулъха бугеб гьеб хIикмат?

ГIадамаздехун, росдадехун, росдал жамагIаталдехун, лъималаздехун росдал букIинеселдехун бугеб гьесул рокьиялъулъ. Гьеле гьединав вуго ГIумарасхIаб гIумруялда дандчIварал захIмалъабазда къезабизе кIвечIев унго-унгояв цIумадисев. Ракьалда хутIула инсанасул лъикIал ишал, гьесул гьел киналго хьван бажаруларо.

ГIумарасхIабил гIумрудул сухьмахьазул хIисаб гьабураб мехалъ, гьениб жаниб батула свин гьечIеб нурги, наслаби кантIизабулеб камилаб къуватги. РакIчIун абизе кIола гьев цо росдал ва районалъул гурев, тIолго магIарулълъиялъулго жамгIияв хIаракатчиги цевехьанги вугин абун.

Гьесда жаниб бугеб гIаданлъиялъул, гIакъиллъиялъул, бажариялъул, хIалтIул гьунаралъул, нухмалъулесул ритIухълъиялъул, тIадегIанаб жавабчилъиялъул, исламалдеги диналдеги бугеб рокьиялъул рахьалъ ГIумарасхIаб ккола киназего мисаллъунги, дарслъунги, къисматлъунги.

ГIумарасхIабил гIамал-хасияталда балагьун абизе кIола гьев вугин миллаталъул яхIги ккурав, умумузул нухги ккурав, яхI-намус бацIцIадав, бахIарчилъиги чилъиги чорхолъ цIунарав, гьваридаб гIакълуялъул, гIакъилаб каламалъул кьурулъ кьабгIараб магI гIадав магIарулав.

Жеги тIад вуссун абизе бокьун буго лъалarезда лъан букIинеги, лъалезда мухIкангоги лъазе ГIумарасхIаб вуго Дагъистаналъул гIадаталги цIунарав, гIагараб рахьдал мацIги милатги цIунарав, бацIцIадаб исламияб диналда жанивги вугев жамагIатазулги гIолохъабазулги гIамал-хасият рекъезабизе лъалев Шамил имамасул ирс щварав авар миллаталъул чи.

Бищун дун вохарав вуго ГIумарасхIаб Аллагьги цо гьавулев, аваралги витIухъ гьавулев, Аллагьасул каламалдаги аварагасул хIадисалдаги нахъ вилъларав диналъул вац вукIиналда, хьизамалъул къадрудв эмен, росуги районги чIухIарав жамагIат чи вукIиналда. Гьединго дун вохарав ва чIухIарав вуго ГIумарасхIаб миллаталъ адабги гьабулев, халкъалда жаниб рагIиги бугев магIарулав вукIиналда.

ГIумарасхIабил гIумруялда жаниб хасаб бакI ккола 1999 соналъул августалда ЦIумада районалда ккарал лъугьа-бахьиназ. Дагъистаналда тIаде кIанцIана батIи-батIияб миллаталъул яргъид гIуцIарал хьачагъал. Гьеб заманалда Гьигьал росдал нухмалъулевлъун вукIарав ГIумарасхIабил нухмалъиялда гьоркь гьигьалъдерида кIвана, Дагъистаналъул ОМОНгун цадахъ лъугьун, чачаналъан рачIунел террористазе Гьигьалъе ва гьениса районалъул центр Агъвали росулъе нух къазе. Гьениб ГIумарасхIабица бихьизабуна бахIарчилъи ва бажарун нухмалъи гьабуна росдал гIолохъабазе ва жамагIаталъе тушманасде данде къеркьезе. Гьениб бихьизабураб бихьинчилъиялъухъ ГIумарасхIаб кIодо гьавуна пачалихъияб шапакъаталдалъун, гьесие щвана Орден Мужества.

Гьелда бан бокьун буго ГIумарасхIабие хас гьабун цо чанго кочIол мухъ хъвазе.

Дур ЦIумада район, ЦIумазул ВатIан,
Дурги батила цIар тарихалда хьван
ГIумасасхIаб нижер чIухIийин абун,
Гьев нижер жамгIияв хIаракат чийин.

Хатабгун Басаев къал ахIун щведал,
ЦIумадисезул хьолбохъ вахъун чIаравин.
Нилъ хвечIого тушман цеве инарин,
Цебесеб кьердаса кьуричIев чийин.

Мун гIадал бахIарзал чIаго рукIаго,
ЧIаголъи хвеларо Дагъистаналъул.
Дуе сахлъи кьеги, Гьигьалъа АсхIаб,
ТалихIги рорхелги даимлъаги дуй.

Ахиралдаги абизе бокьун буго ГIумарасхIабил гIамал-хасияталъухъги балагьун, гIадамазул аби-биценалдаги гIенеккун, гьев вугин гьудул-гьалмагълъиялъе, росу ва районазе бахъун ракIги рухIги кьолев, кьураб рагIиялъе хилиплъиги гьечIев инсан вугилан.

Гьев вуго ккаралъуб кьвариги бугев, кьуралъуб рагIиги бугев, чармил кьуру гIадав, кьурул борхалъуда тIад сверулеб цIум гIадав цIумадисев.

ГIакълуги камилав, каламги гьуинав, гIаданлъиги цIикIкIарав, цIарги машгьурав цIумадисезул цIарги рагIиги борхатго ккурав, ГIумарасхIаб, гьарула дуеги, дур хьизанлъималазеги щулияб сахлъи, даимаб талихI, рекIел мурадал тIурай ва рохел гьарзаял халатал сонал.

**АхIмад ГIамирханов**, Сасикь росу

Диният бокIон

# Нужеца Аллагь гIемер рехсе

ХIурматиял казият цIалулел, дуньялалде гIадамал ритIиялдаса бугеб аслияб мурад буго гьез БетIергьанасе бищунго хирияздасан ккола зикру бачин, Аллагь рехсей. Хирияб Къурьаналда буго: «Ва, гьал иман лъурал гIадамал, нужеца Аллагь гIемер рехсе»,-ян.

Гьелъул хиралъиялъул хIакъалъулъ имам Бухарияс бицараб хIадисалда, жинда свалат-салам лъеяв Бичасул аварагас абун буго: «Дица нужее бицинин нужер гIамалазул бищунго лъикIаб, нужер БетIергьанасда цебеги бищунго бацIцIадаб, нужер даражаби рорхиялъулъги бищунго тIадегIанаб, месед- гIарац садакъаде кьеялдасаги хирияб, тушмангунги дандчIван, гьесул горбода нужеца яги нужер горбода гьес жо кьабиялдасаги хирияб гIамал щибали? Гьеб буго Аллагь рехсей», - ян.

Жакъа телефоназде жанире лъугьиналъ нилъеда тIубанго кIочонеб буго Аллагь рехсезе. Зикру гьабиялъе бищунго лъикIаб къагIидаги буго хIакъикъияв устарасул тарбияталде гьоркьеги лъугьун, зикру бачунеб къагIида лъазаби. Гьедин гьабураб зикру нургун бугеб букIунин хъвалеб буго тасаввуфалъул тIахьазда.

Гьанир нилъеца рехсела зикру бачиналъул ругел пайдаби:

- ШайтIан тIуризабе, къинаби ва гьелъул мугъ бекизаби.
- ТIадегIанав Аллагь рази гьави.
- РекIелъа ургъел нахъе инаби.
- РекIее гIатIилъи бачIинаби.
- Гьурмадагун рекIеда нур базаби.
- Ризкъи тIаде цIай.
- Черхгун ракI щула гьаби.
-Зикру бачунесе гьайбат, берцинлъи ва гьесдехун гьуинлъи бачIинаби.
- Исламалъул рухIлъун бугеб рокьи гьесулъе бачIинаби.
-Макъамул ихIсанлъун бугеб Аллагьасдехун муракъабат бачIинаби.
- ТIубанго Аллагьасдехун вуссин щвезаби.
- Аллагьасде гIагарлъи щвезаби.
- Аллагь лъаялъул нуцIбузул кIудияб рагьу рагьи.
- Аллагьас гьев рехсей бачIинаби. Къуръаналда буго: «Нужеца Дун рехсе, Дица нужги рехсела», - ян.
- Аллагьасул гьайбат лъазаби.
- РекIел нич бачIинаби.
- Мунагьазул кьавуялдаса ракI бацIцIад гьаби.
-Мунагьал чури. ХIасанатазул бищунго кIудияб гьеб бугелъул, гьелъ мунагьалги чурулелъул.
- Аллагьасдаги лагьасдаги гьоркьоб бугеб пардав инаби.

# Аварагасул разилъи

Абу-Заридасан бицараб Аварагасул хIадисалда буго: «Диналъул вацасул гьурмаде дуца гьими бачIинабиги садакъа буго», - ян (Тирмизи).

Ибну ХIибаница рехсараб цогидаб хIадисалда буго: «(ШаригIаталъ) бегьизабурал жалазул, гьимараб гьумергун диналъул вацасда дандчIвай гьаби батанигицин, цонигиялъул кIвар гьабичIого тоге», - ян (Муслим).

Диналъул вацасул рекIелъе рохел лъугьинаби, гьурмаде гьими рехизаби кутакалда бецдараб, лъикIаб хасияталдасан буго. Аллагьасдасан вахIю рещтIунев расулзабазул цоявлъун вукIаниги, МухIаммад аварагги вукIана кутакалда ракIразияв, гIадамазда гьоркьов гьими гIемерав, махсарабиги гьарулев чи.

Махсараги гьабулаан аскIов вугесул чорхолъе тирха-кIичи, рохел рехизабулеб, щибго жиндилъ ургъун бицунеб калам гьечIеб. Амма вукIана киналъулъго гIурхъи, адаб, гIаданлъи цIунарав.

Разилъи, гьими гIадал хIалал тIаде рачIиндал, Аварагасул гьумер кунчIун бачIунаан цIураб моцI кинниги. Кинаб бугониги рохел бициндалги гьесул гьумер, бакъул чIор речIчIидал матIу кинниги, гвангъулаан. ВелъанхъулелъулгI гьесул цаби, чIегIерал накIкIазда гьоркьоса пирхулеб пиридул канлъи кинниги къалъ-къалъулаан.

Абу Гьурайратидасан бицун буго, Аварак велъизе байбихьидал, гьесул цабзазул кунчIи, бакъул чIорал кинниги, цере ругел къадазда гвангъулаанин.

Пашманлъаби Аварагас рахчула- ан, асхIабзабигун вугеб мехалъ, гьезул ракIазулъе рохел бачIунеб калам гьабун, жиндирго рекIел хIал халлъизе толароан. Амма тIаде рачIарал рохелаз хисизабула- ан пашманлъи. Сунца вугониги рази гьавуни, гьурмаде гьими бачIиналдалъун халлъулаан гьесул хIал.

ГIабдуллагь ибну ХIарисица бицун буго: «Дида гIадамазул щивго вихьичIо Аллагьасул Расул гIадин гIемер гьимулев чи», - абун (Тирмизи).

Хабар бицунелъулги, гIенеккарасул рекIелъе бортуледухъ хIеренго, гьимун гьабулаан калам.

ГIаишатидасан бицун буго, жинда Аварак киданиги вихьичIин кIалги рагьун велъулевин абун (Бухари, Муслим). ВелъулелъулгI гьаракь борхизабулароанин абураб магIна.

Имам ШагIранияс хьван буго, Аварагасда аскIор ругеб мехалъ асхIабзабиги, гьесдаса мисал босун, гьимун гурони, гьаракь гьабун релъуларoанин абун.

Гьаракь гьабун велъизе бокьидалги, Аварагас, гьакIкIалеб кIал ва бачIунеб сас бахчизелъун, кIалалда хьатI чIвалаан. Гьединаб релъиги цIакъ къанагIат гурони букIунароанила гьесул.

«Ас-салам» газеталдаса босараб

СПОРТ

## Дунялалъул чемпионлъун вахъана




24-28 октябралда Таджикистаналъул тахшагьар Душанбеялда тIобитIана ветераназда гьоркьоб самбоялъул рахъалъ дунялалъул чемпионат.

ГIумруялъул анкьго батIияб категориялда гьенир цере рахъана дунялалъул чемпионал ва машгьурал самбистал.

55-59 соназул ригьалъул къокъаялда гьоркьоб +98 кг. цIайиялда дунялалъул чемпионлъун вахъана Агъвалиса ГIабдурашид Багьавдинов.

Дагъав цеве ГIабдурашид вахъана греказулгун румазул гугариялъул рахъалъ дунялалъул чемпионлъун, гьединго эркенаб гугариялъул рахъалъги гьениб гьесие щвана кIиабилеб бакI.

Баркула ГIабдурашидида бергьенлъи.

**МухIамад НурмухIамадов**

## Ветеран-векерухъан



Дагъаб цебе Краснодаралда рекериялъул рахъалъ ветераназда гьоркьоб «Гран-при России 2024» къецазда исанаги тIоцебесеб бакI ккуна Хуштадаса МухIамад АсхIабовас.

Гьеб тIоцебесеб бергьенлъи кколаро МухIамадил, божула хадубккунги гьес нилъ рохизаризе рукIиналда.

**Шамил Бадрудинов**

## Золото и бронза на первенстве мира

Накануне в Албании проходило первенство мира по вольной борьбе среди юниоров до 23 лет. В эти дни лучшие борцы мира соревновались на коврах спорткомплекса города Тираны. Много захватывающих и бескомпромиссных схваток прошли там. Двое наших земляков выступающих за сборную команду России вылетели для участия на этом первенстве.



Обладателем золотой медали стал метрадинец Башир Магомедов, который повторил свой прошлогодний результат. В весовой категории до 61 кг. он не оставил ни единого шанса своим соперникам.



Бронза на этот раз в копилке у Мустафагаджи Малачдибирова (92 кг. с.Гигатли). Наш молодой и перспективный борец недавно прилетел с золотой медалью с первенства мира среди молодежи до 21 года. Здесь он выступал в более взрослой для себя возрастной категории. Молодцы ребята!

Цумадинцы от всей души поздравляют наших триумфаторов и их тренеров с успешным выступлением, и желают успехов в очередных стартах.

Социальные льготы

## Социальная поддержка для многодетных семей

Постановлением Правительства Республики Дагестан от 28 июля 2023 г. № 310 «О компенсации части стоимости обучения детей из многодетных семей по образовательным программам среднего профессионального образования на платной основе» (далее также Порядок) начиная с 2023/2024 учебного года установлена дополнительная мера социальной поддержки для многодетных семей в виде ежегодной компенсации части стоимости обучения детей из многодетных семей по образовательным программам среднего профессионального образования на платной основе в размере:

30 процентов - на детей из многодетных семей, имеющих пять и более детей;

20 процентов - на детей из многодетных семей, имеющих менее пяти детей.

Право на предоставление компенсации имеют многодетные семьи, имеющие трех и более детей в возрасте до 18 лет, в том числе усыновленных (удочеренных), находящихся под опекой (попечительством), совместно проживающих с родителями (опекунами, попечителями) или одним из них.

В случае если в многодетной семье один или несколько детей достигли возраста 18 лет на день обращения за компенсацией, за многодетной семьей сохраняется право на меру социальной поддержки, предусмотренную Порядком, при условии, что совершеннолетние дети обучаются в организации, осуществляющей образовательную деятельность по имеющим государственную аккредитацию образовательным программам среднего профессионального образования (далее - образовательная организация), по очной форме обучения и не достигли возраста 23 лет (за исключением таких детей, состоящих в браке).

Компенсация предоставляется в размере 30 процентов стоимости обучения - на детей из многодетных семей, имеющих пять и более детей, и в размере 20 процентов - на детей из многодетных семей, имеющих менее пяти детей, одному из родителей (усыновителю, опекуну, попечителю) обучающегося в образовательной организации при условии, что заявитель проживает в Республике Дагестан и среднедушевой доход многодетной семьи не превышает величину прожиточного минимума на душу населения в Республике Дагестан, установленного в соответствии с Федеральным законом от 24 октября 1997 г. № 134-ФЗ «О прожиточном минимуме в Российской Федерации» на дату обращения за назначением компенсации.

**Хаят Дибирова**

Объявление

Администрация сельского поселения «сельсовет Тиндинский» Цумадинского района РД сдает в аренду земельные участки сельскохозяйственного назначения расположенные на территории администрации сельского поселения «сельсовет Тиндинский» с следующими кадастровыми номерами: 05:38:000072:137 общей площадью 39222 кв.м., 05:38:000072:167 общей площадью 4045222кв.м., 05:38:000072:168 общей площадью 2017538кв.м., 05:38:000072:169 общей площадью 6887381кв.м., 05:38:000072:170 общей площадью 2422926кв.м., 05:38:000072:171 общей площадью 3319758кв.м., 05:38:000072:172 общей площадью 3605514кв.м., 05:38:000072:173 общей площадью 5286998кв.м., 05:38:000052:703 общей площадью 10674369 кв.м., 05:38:000072:175 общей площадью 3095411кв.м., 05:38:000072:176 общей площадью 1101843кв.м., 05:38:000072:177 общей площадью 3252795 кв.м., 05:38:000072:178 общей площадью 576266 кв.м., 05:38:000000:562 общей площадью 9192646 кв.м., 05:38:000000:563 общей площадью 5698373кв.м., 05:38:000072:180 общей площадью 35782 кв.м.

**М. Магомедов,** глава администрации сельского поселения «сельсовет Тиндинский»

## Тренерас тIоцебесеб бакI ккуна

Дагъаб цебе Калмыкиялъул Латань шагьаралда тIоритIарал рачлида рагъиялъул рахъалъ ТIолгороссиялъул къецазда нилъер районалъул ДЮС-



Шялъул тренер Къедиса Сапиюлаев Сапиюлаца 75 кг. цIайиялда ккуна тIоцебесеб бакI.

Баркула Сапиюлада щвараб бергьенлъи, гьарула хаду-хадубги спорталъулъ икъбал.

**Шамил Бадрудинов**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
Щумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«Щумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»
Тираж - 1274
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальгоlьи
гьоРлъ бугел ва цогидалги
баянazул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru